

Rapò Evalyasyon Manm

Rezilta Evalyasyon Òganizasyon Fondèblan

Otè: Junia St Louis, Josiah Thomas, Fritz-Heber Lamy

Dat: 3/6/2019



Entwodiksyon

Lè ADF te fè premye evalyasyon li an, li pat gen twòp enfòmasyon sou òganizasyon ki t ap travay nan Fond-des-Blancs (FdB) yo. Depi lè a, nou siyen kontra ak swasant (60) òganizasyon pou nou anrejistre yo kòm manm. Premye evalyasyon an te ban nou anpil enfòmasyon sou tip de òganizasyon k ap travay nan (FdB). Ak dezyèm evalyasyon sa, nou espere apwofondi enfòmasyon sa yo epi jwenn kritik ak reyaksyon sou travay ke ADF komanse fè.

Vizyon ADF se pou ede FdB gen anviwònman ak opòtinite ki pa sèlman pèmèt moun FdB ret lakay yo, men ki, anplis, atire moun toupatou latè a FdB. Pou nou fè vizyon sa yon reyalite, nou vle ranfòse kapasite òganizasyon lokal yo epi kowòdone travay yo a yon sèl vizyon ki pataje. Sa vle di, vizyon an se yon bagay ke nap kreye ansanm ak, e a travè manm yo. Se sak fè evalyasyon sa tèlman enpòtan. Evalyasyon sa se pa sèlman yon senp devwa oswa travay ke li ye. Li se yon chans ak yon fason pou n pran yon lòt ti pa nan yon bon direksyon pou FdB. Nou espere ke ak rezilta evalyasyon sa n ap ka konnen manm nou yo pi byen pou nou ka travay e kolabore avèk yo pi byen, pou nou Mennen chanjman nou vle a.

Metodoloji

Evalyasyon sa te baze sou yon kesyonè striktire ke anketè te bay responsab òganizasyon ki manm ADF yo. Pou rive kreye kesyonè a, ADF te baze an pati sou dènye evalyasyon ke l te fè ak manm li yo, epi li te rele kèk manm pou jwenn opinyon yo sou kèk seksyon. Staf ADF la te prepare kesyonè a premyeman sou Word. Aprè sa, ADF te mete kesyonè a nan yon aplikasyon sou telefòn ki rele Fulcrum. Nou te pase nan plizyè faz tès kote premye tès yo te sèlman fèt pa staf ADF la andedan biwo a. Pou kontinye ak tès yo, nou te bay kèk manm kesyonè a. Apre tès yo, ADF te finalize kesyonè a pa rapò ak kritik li te jwenn. Pou bay kesyonè a, ADF te anboche epi fòme anketè ki te al nan baz òganizasyon yo pou yo poze kesyon yo a dirijan òganizasyon yo.

Pou jwenn òganizasyon yo, ADF te itilize kontak ke li te gentan genyen yo, epi anketè yo te pran randevou ak manm òganizasyon yo pou reponn kesyonè a. Analiz yo te fèt a plizyè nivo. ADF itilize yon opsyon nan fulcrum ki te pèmèt analiz yo ka ajou nenpòt lè gen nouvo rekò.

Genyen de gwoup rezilta. Yon gwoup ki fè analiz yo sou tout senkant uit òganizasyon tankou ki te reponn kesyonè a, yon lòt gwoup ki fèt pa sektè, li gade sou kantite òganizasyon ki nan chak sektè.

Address

L'Exode Secondary School, Dige
HT-8311 Fond-des-Blancs, Haiti

Contact

+(509) 4-944-8768
info@adfhaiti.org

Visit our website at
www.adfhaiti.org




Rezilta

Jeneral


Pami senkann uit (58) òganizasyon ki te ankete, karant (40) gen agrikilti kòm sektè Prensipal, nèf (9) travay nan enfrastrikti, kat (4) travay nan ekonomi, youn (1) travay nan sante epi de (2) travay nan edikasyon.¹

1.1.10. Sektè prensipal òganizasyon an




Konsènan nouvo pwojè ak pwogram, trant (30) òganizasyon di yo pa gen nouvo pwojè ak pwogram, katòz (14) te gen sèlman nouvo pwojè, dis (10) te gen sèlman nouvo pwogram, de te gen nouvo pwojè ak pwogram epi de (2) tonbe nan kategori lòt.

4.3.3. Eske nou gen nouvo pwojè/pwogram




Karant (40) òganizasyon pa gen aksè a òdinatè epi dizuit (18) gen aksè a òdinatè.

5.3.1. Eske òganizasyon an gen aksè a òdinatè



Tran nèf (39) òganizasyon pa gen ak intènèt epi diznèf (19) gen aksè.

5.3.4. Eske nou gen aksè ak internet



aksè

Konesans sou ADF

Senkann sèt (57) òganizasyon te konn kote biwo ADF la ye epi youn (1) pat konnen.

2.1.1 Èske nou konn kote biwo ADF la ye



¹ Nou pat mete edikasyon kòm yon opsyon, akòz avan lontan nou gen pou travay sou sa. Se sa ki fè li pa reprezante la.


Karant uit (48) òganizasyon te di yo konn kisa misyon ADF la ye, epi dis (10) te di yo pa konnen.

2.1.3. Èske nou konn misyon ADF la




Konsènan kisa ADF ye, trann kat (34) òganizasyon di ke ADF se yon Asosyasyon, douz (12) di ADF se yon Federasyon, kat (4) di ADF se yon ONG, pou rès yo ADF se yon bayè de fon oswa yon melanj ant bayè de fon ak lòt bagay.

2.1.6. Kisa ADF ye



Karant (40) òganizasyon okouran de plan devlopman, epi dizuit (18) pa okouran.

2.1.5. Èske w okouran de plan devlopman ADF ap fe a




Pami karant (40) òganizasyon ki okouran de plan devlopman, venn kat (24) okouran ke se yon fim ADF anboche pou egzekite travay la, epi sèz² (16) pa okouran ke se yon fim ADF anboche pou egzekite travay la.³

2.1.8. Èske w okouran ke se yon fim ADF anbonche



Pami karant (40) òganizasyon ki okouran de plan devlopman, trann sis (36) gen yon manm nan òganizasyon an ki konn patisipe nan atelye plan devlopman epi kat (4) òganizasyon pa gen manm ki konn patisipe nan atelye plan devlopman.

1.5.a patisipe nan yon atelye plan devlopman



² Nou ka jwenn plis enfòmasyon sou chif sa yo nan rapò excel evalyasyon an.

³ Gwoupman "Null" la se dizuit manm ki pat okouran de plan ditou. Yo pat jwenn kesyon sa.



Misyon/Vizyon Manm Yo

Pami senkann uit (58) òganizasyon ki te ankete, karann sis (46) pami yo gen yon misyon ki deklare an ekri, epi douz pa genyen.

3.2.1. Gen yon misyon ki deklare an ekri



Pou vizyon, se senkant (50) gen youn ki deklare an ekri epi uit (8) pa gen yon vizyon ki deklare an ekri.


3.2.3. Gen yon vizyon ki deklare an ekri



Legal

Pami sekann uit (58) òganizasyon yo, trant nèf (39) gen Stati ki ekri, venn sis (26) gen Atestasyon MAST, epi sèz (16) gen Atestasyon Meri. Onz (11) òganizasyon pa gen dokiman legal ditou, Epi se sèlman onz (11) ki gen otorizasyon fonksyonman oswa kat imatrikilasyon fiskal. Sa ki pi ra la se sètifika patant kote sèlman gen de (2) òganizasyon ki genyen l.

4.1.1. Kiyès nan dokiman sa yo òganizasyon an genyen




Kriti

ADF An Jeneral

Nou te poze kesyon pou nou te ka konnen ki nivo satisfaksyon manm ADF yo, eske yo gen pwoblèm avèk li. Pami senkant uit (58) òganizasyon ki te reponn kesyonè a, kenz (15) ladan yo te di yo pa gen okenn pwoblèm ak ADF, gen onz (11) ki di se lòt pwoblèm uit (8) ladan yo se kantite kòb ADF bay, sèt (7) nan yo te di se ankèt san suivi, etc...

6.1.1. Ki pi gwo pwoblèm ou ak ADF



Address

L'Exode Secondary School, Dige
HT-8311 Fond-des-Blancs, Haiti

Contact


+(509) 4-944-8768
info@adfhaiti.org

Visit our website at
www.adfhaiti.org




Kesyon ki te poze pou konnen nivo satisfaksyon manm ADF yo pa rapò ak jan ADF kominike avèk yo, senkant uit (58) te reponn. Trant kat (34) te di yo satisfè, onz (11) te di yo pa ni satisfè ni desatisfè, te gen uit (8) ki desatisfè, kat desatisfè nèt, epi youn (1) satisfè nèt.

6.1.2. Kijan w santi w pa rapò ak jan ADF kominike ave w




Nou te poze yon kesyon tou pou konnen nivo satisfaksyon manm yo pa rapò ak sèvis ADF rann yo. Sou senkant uit (58), gen venn sèt (27) ki di yo satisfè, sèz (16) di yo pa ni satisfè ni desatisfè, sis (6) di yo desatisfè nèt, epi youn (1) satisfè nèt. Nou te jwenn de (2) moun ki pat bay repons pou sa.

6.1.3. Kijan w santi w pa rapò ak sèvis ADF rann ou



Sou kesyon satisfaksyon manm yo sou jan ADF itil yo, venteyen (21) di yo satisfè, sèz (16) te di yo pa satisfè ni desatisfè, katòz (14) di yo desatisfè, senk (5) di yo desatisfè nèt, epi gen de (2) manm ki pat bay repons pou sa.

6.1.4. Kijan w santi w pa rapò ak jan ADF itil ou



Address

L'Exode Secondary School, Dige
HT-8311 Fond-des-Blancs, Haiti


Contact

+(509) 4-944-8768
info@adfhaiti.org

Visit our website at
www.adfhaiti.org


Sou nivo satisfaksyon ak jan ADF anboche moun, dizuit (18) manm pat gen repons. Sèz (16) di yo satisfè, kenz (15) di yo pa ni satisfè ni desatisfè, sis (6) te di yo desatisfè, de (2) te di yo desatisfè nèt, epi youn (1) te satisfè nèt.

6.1.6. Kijan w santi w pa rapò ak jan ADF anbonche moun




Kesyon nivo satisfaksyon manm yo ak jan ADF fè ankèt te montre ke gen trann kat (34) òganizasyon te di yo satisfè, onz (11) te di ke yo satisfè nèt, sèt (7) te di nou yo pa satisfè ni desatisfè, epi twa (3) te desatisfè nèt oswa desatisfè.

6.1.7. Kijan w santi w pa rapò ak jan ADF fe anket



Pou nivo satisfaksyon manm ak jan ADF fè suivi ankèt, gen venteyen (21) òganizasyon ki di yo satisfè, kenz (15) desatisfè, douz (12) pa ni satisfè ni desatisfè. Kat (4) te desatisfè nèt/anpil ak kat (4) ki te satisfè nèt. Te gen de (2) manm ki pa gen repons pou sa.


6.1.8. Kijan w santi w pa rapò ak jan ADF fe suivi anket



Plan Devlopman

Sou kesyon nivo satisfaksyon manm yo ak jan ADF fè plan devlopman an, Sou karant (40) òganizasyon ki te okouran de plan devlopman an, ven (20) di yo satisfè, uit (8) di yo pa satisfè ni desatisfè ak yon lot uit (8) ki pa gen repons. Apre sa gen de (2) ki desatisfè

6.1.9. Kijan w santi w pa rapò ak jan ADF fe plan devlopman



Address

L'Exode Secondary School, Dige
HT-8311 Fond-des-Blancs, Haiti

Contact


+(509) 4-944-8768
info@adfhaiti.org

Visit our website at
www.adfhaiti.org

epi gen youn (1) ki desatisfè nèt ak youn (1) ki satisfè nèt.⁴

Konsènan nivo dakò ak deklarasyon: “Plan devlopman son tan ak kòb gaspiye”, nou te jwenn venn kat (24) òganizasyon ki di yo pa dakò sou trant uit (38). Sèt (7) pa dakò ditou, sis (6) pa ni dakò ni pa dakò, epi twa (3) te dakò.

6.1.10 Plan devlopman son tan ak kòb gaspiye



Kominikasyon


Sekann twa (53) manm ta renmen kontakte ADF pi souvan.

6.3.9 Eske nou ta renmen kontakte ADF pi souvan



Enfòmasyon ke manm yo ta renmen reswva divize prensipalman ant bilten mansyèl sou aktyalite FdB, Aktivite k ap pase anndan ADF, ak Enfòmasyon sou bous ak orè/demand bous yo.

6.3.1. Ki kalite enfòmasyon ki t ap itilize



Konsènan jan nou kominike ak manm yo, nou jwenn ke senkantey (51) manm di ke yo ta renmen pou ADF envite yo nan plis reyinyon.

6.3.6. T ap renmen pou ADF envite nou nan plis reyinyon



Senkant twa (53) manm ta renmen kontakte ADF pi souvan.

6.3.9 Eske nou ta renmen kontakte ADF pi souvan




⁴ Gwoupman “Null” la se dizuit manm ki pat okouran de plan ditou. Yo pat jwenn kesyon sa.



Sou senkant uit (58) manm, trann kat (34) pat chwazi bay valè sou enpòtans aktivite k ap pase anndan ADF. Trèz (13) te di sa anpòtan anpil, dis (10) te di sa enpòtan epi youn (1) te di sa gen ontikras enpòtans.


6.3.3 Ki vale enpotans nou bay ak aktivite kap pase anndan ADF



Resous Imèn


Dènye otorite nan òganizasyon yo prensipalman gen lisans oubyen yo te fini Filo.⁵

4.6.1. Ki nivo edikasyon moun ki gen plis otorite nan oganizasyon an



Pou jan desizyon pran nan oganizasyon yo, nou jwenn ke an jeneral o mwen kat (4) moun bezwen dakò, epi nesesite pou sèt (7) oswa plis moun dakò se yon kondisyon ki ase komen.


4.4.5. Konbyen moun ki bezwen dako



Sevis

An gwo manm yo reponn ke yo konn kisa ADF ofri kòm sèvis, men gen disèt (17) ki di yo pa konnen.


6.2.3. Eske w konnen sa ADF ofri kom sevis



⁵ Twa (3) ki parèt vid nan figi a se moun ki te chwazi lòt.


Pami opsyon ki te genyen pou sa ADF ofri kòm sèvis, Materyèl, Ekipman, ak Aparèy, Fòmasyon, Sèvis Biwotik, ak Enfòmasyon.

6.2.4. Kisa yo ye




Konsènan sa manm yo ta renmen wè ADF amelyore plis nan sèvis yo, sa ki an premye se finans, ak fòmasyon epi enfòmasyon an dezyèm e twazyèm.

6.2.5. Kisa nou dwe amelyore nan sèvis nou



Pou sa manm yo plis antann nan men ADF jodi a, sa ki premye se ankò finans. Sipò nan sektè spesifik yo an dezyèm, epi sipò legal an twazyèm.

6.2.7. Kisa w plis atann de ADF jounen jodi a



Kontabilite

Pou konbyen manm ki gen yon sistèm kontabilite ki baze swa sou yon sistèm de kès oubyen egzèsis, nou jwenn ke kanrann senk (45) pa genyen, epi trèz (13) genyen.

5.2.1. Eske oganizasyon an gen yon sistem...





Pou òganizasyon ki genyen sistèm nan, nou jwenn uit (8) ki jere l manyèlman, gen sis (6) ki itilize òdinatè/Lojisye. ⁶

5.2.3. Kijan nou jere sistem lan




Pou si yo note/ekri/jere/ kontwole tranzaksyon yo nou jwenn senkant senk (55) di wi yo fè sa, de (2) di non yo pa fè sa.

5.2.4. Eske nou note/ekri/jere/kontwole tranzaksyon



Pou kijan yo fè kontwole tranzaksyon, nou jwenn genyen karant kat (44) ki di se not nan yon kaye, disèt (17) di se resi sou papye, sèt (7) di se sou lojisye/ òdinatè.

5.2.5. Kijan nou fe kontwole tranzaksyon




Sou kesyon eske yo fè sa pou tout tranzaksyon yo oubyen pou kèk, nou jwenn gen kanrant twa (43) ki di se pou tout, douz (12) di se pou kèk.

5.2.6. Eske nou fe sa pou tout oubyen pou kek



Konsènan kesyon eske yo kontwole dèt kliyan/efè yo gen pou jwenn/resevwa, nou jwenn trann sis (36) di wi epi sèz (16) di non.

5.2.8. Eske nou kontwole dèt kliyan/efè nou gen pou jwenn/resevwa



⁶ Gen yon òganizasyon ki jere sistèm li an tou de (2) fason yo.

Pou eske òganizasyon yo kontwole envantè, nou jwenn karant kat (44) ki di wi, gen trèz (13) di non.

5.2.9. Eske nou kontwole envantè




Pou kesyon eske òganizasyon an gen yon sistèm pou konsève dokiman finansye, nou jwenn trann sis (36) ki reponn wi epi gen venteyen (21) ki di non.

5.2.10. Eske oganizasyon an gen yon sistem pou konseve dokiman finansye



Pou kesyon ki konsène Kijan yo jere fon/antre/revni òganizasyon an, nou jwenn gen katòz (14) ki di yo gen yon kont bank nan non òganizasyon an, douz (12) di petty Cash, dis (10) di petty cash sèlman, uit (8) di se yon kont bank nan non yon moun ki travay nan òganizasyon an epi youn (1) di se kont bank nan non òganizasyon an.


5.2.11. Kijan nou jere fon/antre/revni oganizasyon an



Elvaj

Pi gwo pwoblèm òganizasyon ki fè elvaj yo genyen se maladi ki repete venteyen (21) fwa, lapli ki vini aprè nèf fwa (9), Aksè ak kalite manje bèt yo bezwen ak chen ki sis (6) fwa yo chak, vòl vin aprè yo senk (5) fwa etc...ⁱ

1.1.4. Ki pi gwo problem elvaj nou genyen



Address

L'Exode Secondary School, Dige
HT-8311 Fond-des-Blancs, Haiti

Contact

+(509) 4-944-8768
info@adfhaiti.org

Visit our website at
www.adfhaiti.org

Pou kesyon ki bèt yo elve, nou jwenn vent uit (28) di se kabrit, sis (6) di se bèf, sis (6) di se kochon, twa (3) di se poul peyi epi nou jwenn yon sèl (1) ki di se poul blanch.

1.1.1. Ki bèt nou elve



Genyen diznèf (19) òganizasyon ki fè elvaj pa lib, douz ki fè elvaj lib⁷.

1.1.2. Ki kalite elvaj nou fe




Pou kesyon ki benefis yo ofri ak manm yo, nou jwenn gen venn twa (23) òganizasyon ki di se bèt yo bay, venteyen (21) di se fòmasyon, gen twa (3) ki ede manm yo vann bèt yo epi de (2) di yo konn bay medikaman.

1.1.3. Ki benefis ou ofri manm yo




Konsènan si yo gen veterinè, nou jwenn venteyen (21) òganizasyon ki di wi yo genyen epi gen dis (10) ki di non yo pa genyen.

1.1.16. Eske ou gen veterine



Pou venteyen (21) òganizasyon ki te di yo gen veterinè yo, nivo edikasyon veterinè a, nou jwenn dis (10) ki ant 6^{ème} a 2nd, gen senk (5) ki fè filo, kat (4) fè reto epi gen de (2) ki gen lisans.

1.1.17. Ki nivo edikasyon I




⁷ Genyen de (2) nan òganizasyon sa yo ki di yo fè ni elvaj lib, ni pa lib.




Pou kesyon sou ki mache lokal òganizasyon yo vann bèt, nou jwenn venn kat (24) di se Senton, senk (5) di se Kafou Toma/Savann Anri, kat (4) di se Bèl Rivyè, youn (1) di Lomon epi youn (1) di Kotdefèⁱⁱ.

1.1.19 Sou ki mache lokal nou vann



Pou lòt mache yo ta renmen vann bèt yo genyen twa (3) òganizasyon ki di lomon, de (2) di fondènèg, youn (1) di senton, etc...


1.1.22 Nan ki lòt mache nou ta renmen al van bèt yo



Planteⁱⁱⁱ

Konsènan kesyon ki kalite kilti òganizasyon yo plante, nou jwenn ven (20) ki di se mayi, kenz (15) di se pwa, gen uit (8) ki di se pitimi, sèt (7) di patat, etc...

2.2.1 Ki kalite kilti nou plante



Pou kesyon Eske òganizasyon an gen tè pou l fè plantasyon an, gen venn kat (24) òganizasyon ki reponn wi, de (2) reponn non.

1.1.1 Eske ou gen tè pou w fe plantasyon an



Address

L'Exode Secondary School, Dige
HT-8311 Fond-des-Blancs, Haiti

Contact

+(509) 4-944-8768
info@adfhaiti.org

Visit our website at
www.adfhaiti.org


Nou jwenn katòz (14) òganizasyon ki di se a tit lokatè yo okipe tè yo, gen uit (8) ki se pwopriyete, de (2) okipe tè yo gratis, etc...

2.2.4 A ki tit nou itilize te sa yo




Pou kesyon Ki benefis/sevis yo ofri manm nou yo, nou jwenn disèt (17) di fòmasyon, onz (11) di semans, uit (8) òganize konbit. Genyen sis (6) ki bay plantil epi de (2) ede yo vann pwodui yo.

225_benefissevis_manm



Konsènan pi gwo pwoblèm yo genyen nan plante, venteyen (21) di se sechrès, senk (5) òganizasyon di se maladi, senk (5) di se ensèk, kat (4) di se mank machin ak traktè pou plante pi byen, etc...⁸

226_pi_gwo_pwoblem_plante



Pou kesyon Kisa ki sous dlo nou pou kilti yo, vennkat (24) di se lapli, sèt (7) di se rivyè epi youn (1) di se sitèn.⁹

2.2.23 Kisa ki sous dlo nou pou kilti yo



⁸ An plis genyen enfòmasyon adisyonèl ke òganizasyon yo bay pou eksplike nivo pwoblèm yo jwenn yo, eske se grav, ontijan grav oubyen grav anpil. Enfòmasyon sa yo disponib sou excel nan worksheet "Plante".

⁹ Pou kesyon eske gen yon sistèm irigasyon, gen vennkat ki di non epi de di wi. Ladan de ki di wi yo, youn se kanal tè(rigòl) youn se ponp.

Pou kesyon eske yo gen agwonòm, gen sèz (16) ki reponn non epi dis (10) reponn wi.

Ladan dis ki di wi yo, gen uit (8) ladan yo gen lisans, youn (1) ki gen doktora epi youn (1) rive nan filo.

2.2.27 Ki nivo edikasyon l agwonom yo



Pou kesyon kijan yo fè pou plante, genyen youn (1) ki di se ak machin/traktè, genyen venn senk (25) ki di a la men ladan yo.

Nan venn senk (25) òganizasyon ki di a la men yo, dizuit (18) achte jounen, onz (11) fè kòve, nèf (9) fè konbit, ect...


2.2.30 Kijan nou fe plante a la men



Pou kesyon kijan yo fè pou yo rekòlte sa yo plante yo, gen youn (1) ki reponn se ak machin/traktè epi venn twa (23) di se ak men.

Pou venn twa (23) sa ki di a men yo, disèt (17) achte jounen, nèf (9) di konbit, sis (6) fè kòve.


2.2.30 Kijan nou fe rekolte a la men



Pou kesyon kijan yo vann pwodui yo, nou jwenn diznèf (19) di nan mache lokal, senk (5) di yo pa vann epi gen youn (1) ki vann dirèkteman a endividyèl/biznis, Mache Lokal.

Pou ki mache lokal yo vann nou jwenn sèz (16) di Senton, sèt (7) di Lomon, etc...

2.2.33 Ki mache lokal



Address

L'Exode Secondary School, Dige
HT-8311 Fond-des-Blancs, Haiti

Contact


+(509) 4-944-8768
info@adfhaiti.org

Visit our website at
www.adfhaiti.org




Pou lòt mache yo konn vann yo, gen kat (4) ki di mache fondènèg, de (2) senton, de (2) nan lòt mache nasyonal etc...

2.2.36 Nan ki lòt mache nou ta renmen al van pwodwi yo




Pou kesyon Eske yo konn bezwen vann pwodwi yo epi yo pa jwenn moun pou achte yo, nou jwenn disèt (17) di non epi sèt (7) di wi sa konn rive yo.

2.2.37 Eske ou konn bezwen vann pwodwi yo epi ou pa jwenn moun pou achte yo



Konsènan si rekòt yo konn gate paske yo mal konsève, nou jwenn diznèf (19) òganizasyon ki di wi, senk (5) di non.

2.2.41 Eske rekòt nou konn gate paske yo mal preseve



Lapèch

Genyen sèlman de òganizasyon ki nan sektè lapèch, pa gen youn ki fè elvaj pwason, yo peche nan lamè a pou yo vann. Pou pi gwo pwoblèm yo konn genyen nan domèn nan youn se pwason yo ki konn gate epi youn se pwoblèm fon pou l achte materyèl pou fonksyone pi byen ak Reparasyon materyèl. Pou òganizasyon sa yo pwoblèm sa yo ontijan grav. Pou jan yo peche, gen youn ki peche ak chaloup epi youn peche ak liy epi chaloup. Pou jan yo konsève pwason yo nou jwenn youn konsève yo ak sèl epi lòt la konsève yo ak sèl epi glas. Pou jan yo vann pwason yo gen youn ki vann nan mache lokal ki se fondèblan ak lòt mache se Kafou Toma epi youn fè mache anbilan. Gen youn ki ta renmen vann nan yon santral kote moun ka vin achte.

Address

L'Exode Secondary School, Dige
HT-8311 Fond-des-Blancs, Haiti

Contact

+(509) 4-944-8768
info@adfhaiti.org

Visit our website at
www.adfhaiti.org



Ekonomi

Pou benefis òganizasyon yo ofri manm yo, nou jwenn twa (3) di pwogram kredi, twa (3) di prete yo lajan ak enterè epi youn (1) se fòmasyon.

2.3.1 Benefis ou ofri manm yo



Konsènan Kijan yo jwenn fon pou yo bay Kredi, nou jwenn twa (3) ki di se kòb manm yo depoze nan kès epi gen youn (1) ki di se fon òganizasyon an.

2.3.2 Kijan nou jwenn fon pou nou bay Kredi



Pou ki tip de moun yo bay kredi, gen de (2) ki di fòk moun nan gen yon biznis, youn (1) di se moun ki pi vilnerab yo.

2.3.4 Ki tip de moun nou bay kredi



Pou pi gwo pwoblem yo jwenn nan bay kredi, nou jwenn twa (3) ki di moun yo pa peye byen epi youn (1) di moun yo sove ak kòb yo.

2.3.9 Pi gwo pwoblem ou jwenn nan bay kredi



Enfrastrikti

Pou òganizasyon ki nan enfrastrikti yo nou jwenn Uit (8) ki di se wout yo fè kòm travay nan enfrastrikti.

2.2.1 Ki travay ou fe nan enfrastrikti



Konsènan benefis yo ofri manm yo, nou jwenn senk (5) ki di se fòmasyon, twa (3) di se materyèl.

2.2.2 Ki benefis ou ofri manm yo



Address

L'Exode Secondary School, Dige
HT-8311 Fond-des-Blancs, Haiti

Contact

+(509) 4-944-8768
info@adfhaiti.org

Visit our website at
www.adfhaiti.org


Pou pi gwo pwoblèm yo jwenn nan repare wout, , sèt (7) di Wout la kraze vit, sis (6) di se lapli, gen senk (5) ki di Pa gen materyèl.

2.2.3 Ki pi gwo pwoblèm nou jwenn nan repare wout



Pou ki materyèl yo itilize pou fè wout yo, yo enimerè plizyè tip materyèl ke nap jwenn nan figi a, tankou bouwèt, pikwa, pèl ki plis itilize. Apresa nou jwenn rato ak manchèt, etc...

2.2.8 Kisa nou itilize pou fe wout yo



Konsènan kiyès ki fè travay sa yo nan òganizasyon an nou jwenn uit (8) di se manm yo, de (2) di se benevòl, epi youn (1) di se kontraktè.

2.2.10 Kiyès ki fe travay sa yo nan Oganizasyon an



Nèf òganizasyon di yo ranje wout yo chak fwa yo gate.


2.2.13 Kisa ki frekante wout nou travay ladan yo a

Pou kesyon kisa ki frekante wout yo travay ladan yo, nou jwenn nèf (9) di moto, uit (8) di moun a pye. Gen uit (8) ki di se bèt epi sis (6) di se machin.



Pou rezon ki fè yo travay nan wout yo nou jwenn, sèt (7) di Pou moto/machin/moun sikile pi byen, kat (4) di pou fè moun rive lopital pi vit, epi twa (3) di pou fè wout lakay yo bèl.

2.2.14 Poukisa li enpotan pou nou ranje wout yo





Legal/Jistis

Pou òganizasyon ki nan sektè legal/jistis yo, nou konsidere manm CASEC yo^{iv}. Sèvis yo bay popilasyon an se asire sekirite yo ak pran desizyon ki ap itil pou youn epi pran desizyon ki ap itil yo ak pwoteje byen popilasyon an. Pwoblèm yo jwenn plis nan zòn yo ki mande entèvansyon la jistis se Vòl, Banditis. Otorite yo genyen se Detèmine pri bèt peye nan jaden, Pran dekrè kominal, Jere tout sa ki pou leta nan komin nan, Prepare Bidjè pou plan devlopman komin nan. Tou de òganizasyon ki travay nan legal/jistis yo di ke popilasyon an satisfè de sèvis yo bay yo.

ⁱ òganizasyon yo te reponn tou pou eksplike koman chak pwoblèm sa yo ye pou yo, grav, ontijan grav oubyen grav anpil. Yo reponn tou pou ki solisyon yo panse ki genyen pou chak pwoblèm sa yo. Done sa yo disponib nan dokiman excel la, nan worksheet Elvaj la.

ⁱⁱ Pou kesyon eske òganizasyon an konn bezwen vann bèt li pa kapab, nou jwenn venteyen di non epi nèf di wi.

Genyen onz òganizasyon ki reponn ke yo tap renmen gen yon entèmedyè pou ede yo vann si l enpasyal, gen kat ki di yo patap bezwen.

Genyen onz òganizasyon ki reponn ke yo tap renmen ADF sèvi kòm yon entèmedyè pou ede yo jwenn moun pou achte bèt yo nan men yo.

Lòt enfòmasyon Konsènan elvaj se dezi ak bezwen òganizasyon yo ki disponib sou excel.

ⁱⁱⁱ Nou jwenn sis òganizasyon ki tap renmen gen yon entèmedyè pou ede yo vann pwodui yo, tou le sis di yo tap renmen ADF sèvi kòm entèmedyè pou ede yo jwenn moun pou achte pwodui yo epi gen de ki di yo pa tap bezwen entèmedyè.

^{iv}ADF konsidere CASEC de seksyon kominal FDB yo kòm manm li menm jan ak tout manm. Yo pa yon òganizasyon sosyete sivil men se yo menm ki se otorite lokal nan komin nan e se avèk yo nou travay kòm otorite lokal.

Address

L'Exode Secondary School, Dige
HT-8311 Fond-des-Blancs, Haiti

Contact

+(509) 4-944-8768
info@adfhaiti.org

Visit our website at
www.adfhaiti.org